

A. Prezantasyon (pou premye videyo li long...pou rès yo senpman non w epi ki klas)

Bonjou Tizanmi yo non pa mwen se manzè Kika. Pandan jou fèmen nan kay lakòz maladi koronaviris la...mwen prale ede w travay lakay ou pou ou ka chape lane lekòl la. Mwen se pwofesè timoun k ap fè premye ane yo. Kidonk plizyè fwa pa semenn m ap pote yon leson pou ou ki ka Franse Math oswa Kreyòl. Mespere wap anvi aprann ak mwen yon jan kote ou ka tikal anmize w tou.

B. Objektif leson an

Jodi a nou ap aprann konte, li epi ekri chif ak nonm soti 1 rive 69

C. Pati de sa timoun yo dwe konnen oswa ta dwe konnen epi ki ka ede yo

An nou sonje kèk liy nou te aprann :

Liy orizontal se liy ki kouche tankou yon moun ki blayi sou yon kabann.



Liy vètikal la li kanpe tankou yon moun ki devan yon pòt epi ki ta vle pran lari.



2 liy sa yo enpòtan nan ti egzèsis nou prale fè a.

Liy orizontal ak liy vètikal prale pèmèt nou dispoze chif yo nan kaye pou nou konte li iak ekri 69 san tèt chaje

D. Leson an

Sou yon liy orizontal n ap ekri chif 0 rive 9. Depi lè nou fenk ap aprann konte se premye sa nou te aprann. 0 1 2 3 4 5 6 7 8 9. Eske ou ta ka ekri sa

nan kaye w tou. Ou met mete videyo a sou poz pou ou ka ekri chif sa yo sou yon liy horizontal nan kaye ou. Kite bon espas ant chak chif.

0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
---	---	---	---	---	---	---	---	---	---

E. Kounye a eske w ka montre yon moun bò kote w? li te di bravo pou ou ? Di li bat yon ti bravo si li wè ou byen ekri 0 rive 9 san ou pa sote yon chif menm. Konsa 0 1 2 3 4 5 6 7 8 9 Ok an nou rapouswiv. Si w pa gen moun bò kote w, konpare travay ou ak ekran an oswa konte sa w ekri a byen fò pou ou si ou pa sote chif.

F. Kounye a w ap ekri 6 lòt fwa 0 rive 9 jouk nan paj ou a ou genyen 7 liy 0 rive 9. Sa w wè si nou fè li ansanm. Mwen te gentan gen

0 1 2 3 4 5 6 7 8 9 (konte yo) Banm ekri 6 liy konsa ankò

0 1 2 3 4 5 6 7 8 9

0 1 2 3 4 5 6 7 8 9

0 1 2 3 4 5 6 7 8 9

0 1 2 3 4 5 6 7 8 9

0 1 2 3 4 5 6 7 8 9

0 1 2 3 4 5 6 7 8 9

Ok ni mwen ni ou ni gen 7 liy ki make 0 rive 9 nan sans orizontal

An

nou

konte

1
2
3
4
5
6
7

0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
0	1	2	3	4	5	6	7	8	9

1 2 3 4 5 6 7 ok pa manke youn menm Bravo pou nou tout.

G. Kounye a nou te prepare kaye a nan sans orizontal an nou atake sans vètikal la. Nou prale konte soti zero rive 6. N ap mete zero devan tout chif premye liy nan.

H. Pandan n ap mete chif 0 devan tout lòt chif yo, li pap chanje jan yo prononse

00 01 02 03 04 05 06 07 08 09

Nan dezyèm liy nan n ap mete chif 1 devan tout chif kite la déjà dis onz douz trèz katòz ken z sèz disèt dizuit disnèf

10 11 12 13 14 15 16 17 18 19

Nan twazyèm liy nan n ap mete chif 2 devan tout chif kite la déjà (konte chak fwa n ap ekri 2)

20 21 22 23 24 25 26 27 28 29

Sou modèl sa a

0	01	02	03	04	05	06	07	08	09
10	11	12	13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26	27	28	29

An nou kontinye soti 30 rive 69. Se menm prensip la nou prale swiv

Nan katryèm liy nan n ap mete chif 3 devan tout chif kite la déjà (konte chak fwa n ap ekri 3)

30 31 32 33 34 35 36 37 38 39

Nan senkyèm liy nan n ap mete chif 4 devan tout chif kite la déjà (konte chak fwa n ap ekri 4)

40 41 42 43 44 45 46 47 48 49

Nan sizyèm liy nan n ap mete chif 5 devan tout chif kite la déjà (konte chak fwa n ap ekri 5)

50 51 52 53 54 55 56 57 58 59

Nan setyèm liy nan n ap mete chif 6 devan tout chif kite la déjà (konte chak fwa n ap ekri 6)

60 61 62 63 64 65 66 67 68 69

30	31	32	33	34	35	36	37	38	39
40	41	42	43	44	45	46	47	48	49
50	51	52	53	54	55	56	57	58	59
60	61	62	63	64	65	66	67	68	69

I. An nou konte ti tablo a (en de twa kat senk sis set uit nèf dis etc.... rive swasant nèf)

0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26	27	28	29
30	31	32	33	34	35	36	37	38	39
40	41	42	43	44	45	46	47	48	49
50	51	52	53	54	55	56	57	58	59
60	61	62	63	64	65	66	67	68	69

Obsève ti tablo sila a...lè ou gade nan sans vètikal ou annik mete 0 rive 6 pou ou konte soti 0 rive 69. Kèlkeswa chif ou pran wap gade se menm 0 1 2 3 4 5 6 ou twouve devan li.

J. Konsolidasyon

An nou rekòmanse pandan w ap di ak mwen en, de, etc...rive 69

Verifikasyon

K. Li pat difisil pa vre. Kounye a ou konnen konte rive 69. Eske ou ka ekri nonm sa yo mwen prale site yo ? 05 15 25 35 45 55 65

L. E sa yo : 25 67 43 59 12 68 5 10 37

M. Si lakay ou gen yon nimewo ou gen dwa tou pwofite ale make li sou baryè a depi nimewo sa a pami sa ou soti aprann yo. Osinon wa fè sa lè nou rive sou nimewo pa w la.